



# Èske ou ansent?

**Atansyon:** Zika kapab lye ak tibebe ki fèt malfòme  
**Pa gen okenn vaksen pou anpeche enfeksyon Zika**



## Pa kite marengwen mòde ou



### Li pi danjere pandan lajounen

Marengwen ki simaye chikouyounga, lafyèv deng ak Zika yo mòde moun anpil pandan lajounen. Yo kapab mòde pandan lanwit tou.



### Itilize pwodwi ki pouse marengwen.

#### Li mache!

Chèche engredyan aktif sa yo:  
• DEET • PICARIDIN • IR3535



### Mete rad k ap pwoteje ou.

Mete chemiz manch long ak pantalon pye long epi itilize pwodwi pou pouse marengwen. Pou plis pwoteksyon, trete rad ou ak pèmetren.



### Pa kite marengwen antre lakay ou

Mete twil sou fenèt ak pòt yo. Itilize klimatizè lè li disponib. Pa kite marengwen ponn ze kote dlo chita oswa tou pre dlo ki chita.

Pou plis enfòmasyon:

[www.cdc.gov/chikungunya](http://www.cdc.gov/chikungunya) • [www.cdc.gov/dengue](http://www.cdc.gov/dengue) • [www.cdc.gov/zika](http://www.cdc.gov/zika)



**U.S. Department of  
Health and Human Services**  
Centers for Disease  
Control and Prevention